



Pou Piblikasyon Imedya: 06/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE SEREMONI KOUPE RIBAN FARNSWORTH HALL SUNY DELHI APRE YON RENOVASYON KONPLÈ KI KOUTE 37.9 MILYON DOLA

Enstalasyon renovasyon an posib gras ak afektasyon fon Eta New York

Farnsworth Hall pral sipòte plis pase 200 elèv ak laboratwa syans veterinèr dènve modèl, sal chirijikal, salklas, ak yon klinik sante pou ti bèt

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ouvèti Farnsworth Hall SUNY Delhi apre yon renovasyon konplè ki koute 37 milyon dola ki te sipòte pa finansman Eta New York. Farnsworth Hall se etablisman prensipal pou premye pwogram teknoloji syans veterinèr SUNY Delhi nan nasyon an. Pwojè a bay nouvo sal klas modèn ak espas laboratwa pou pwogram Teknoloji Veterinèr ak Syans Aplike (Veterinary Technology and Applied Sciences) yo ak yon klinik veterinèr ansèyman ki totalman fonksyonèl ki aksesib pou kominote a.

"Elèv yo ta dwe fyè de espas y ap travay ak aprann ladan, epi mwen p ap sispann jiskaske chak kolèj ak inivèsite eta nan New York gen enstalasyon yo bezwen pou akonpli sa", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen gen konfyans ak nouvo pwojè renovasyon sa a, elèv ki nan SUNY Delhi pral gen aksè ak bon jan kalite edikasyon pou aprann ak reyisi."

Etablisman an, ki te konstwi okòmansman an 1980, te sibi yon renovasyon konplè ki konsantre sou efikasite enèji ak sistèm bilding avanse pou byen sèvi bezwen pwogram Teknoloji Veterinèr ak Syans Aplike SUNY Delhi ki enpòtan anpil la. Renovasyon nan etablisman ki gen plis pase 40 ane gen ladan yon sistèm ponp tèmik sous tètès ibrid, nouvo sistèm HVAC ak rekiperasyon enèji, vantilasyon espesyalize pou zòn swen bèt yo, plonbri ajou ak yon sistèm ekleraj ki konplètman LED. Bilding lan sipòte kounye a laboratwa syans veterinèr dènve modèl, syans chirijikal, yon klinik sante ti bèt ki fè fas a kominote a, ak salklas ki gen enfrastrikti ki sipòte teknoloji, kolaborasyon elèv ak bezwen pou plizyè itilizasyon.

Eta New York te bay gwo finansman kapital pou amelyore enstalasyon SUNY yo epi ogmante kapasite pou elèv yo. [Nan Bidjè Eta New York yo adopte pou ane 2024-2025, SUNY te resevwa plis pase 1 milya dola nan envestisman eta pou sipòte pwojè amelyorasyon kapital yo.](#)

Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare, "Angajman SUNY pou siksè elèv yo ak devlopman ekonomik reflete nan bèl etablisman sa a, ki pèmèt elèv ki nan pwogram teknoloji syans veterinè SUNY Delhi yo aprann nan yon etablisman ki efikas an enèji ki alimante ak enèji jewotèmik, ki gen laboratwa dènve modèl, sal imajri chirijikal ak dyagnostik, salklas, epi menm yon klinik pou ti bèt. Farnsworth Hall te ouvri gras ak sipò enpòtan Gouvènè Hochul ak patnè lejislatif nou yo, epi mwen remèsye yo dèske yo te finanse bezwen kapital SUNY ak operasyon yo pou avanse ekselans akademik SUNY ak valè ekstrawòdinè."

Eric Corngold, Administratè Konsèy Administrasyon SUNY, te deklare, "Pandan plizyè deseni, pwogram teknoloji syans veterinè enkwayab SUNY Delhi yo te edike Nouyòkè ki pi bon ak pi briyan yo, ki konsantre sou sante ak byennèt bèt ki travay avèk nou epi pataje lavi, kay ak planèt nou an. Gwosè ak dimansyon etablisman sa a klase pami sa ki pi gwo ak pi bon nan nasyon an, sa ki lakòz siksè pou elèv ki enskri nan pwogram ki renome sa a."

Prezidan SUNY Delhi Mary H. Bonderoff te deklare, "Reouvèti Farnsworth Hall se vrèman yon okazyon enpòtan pou SUNY Delhi. Farnsworth Hall depi lontan se yon sant aprantisaj, rechèch, ak sèvis kominotè, patikilyèman atravè pwogram Teknoloji Syans Veterinè pyonye nou yo — ki inik nan nasyon an. Renovasyon an lye istwa rich pwogram Syans Veterinè Delhi a, ak teknoloji ki konsantre sou bezwen alavni yo. Nan non kominote Delhi a, mwen remèsye sensèman SUNY Construction Fund (Fon pou Konstriksyon SUNY) ak Rektè John B. King, Jr. pou sipò yo pou fè renovasyon sa a posib. Pandan n ap koupe riban jodi a, nou pa jis re-ouvri yon bilding; n ap ouvri pòt nouvo opòtinite pou elèv Delhi yo ak kominote kolèj nou an."

Senatè Eta, Peter Oberacker, te deklare, "Jodi a make yon moman enpòtan pou SUNY Delhi, pandan n ap kanpe devan inovasyon ak pwogram teknoloji veterinè ak syans aplike dènve kri sa yo. Pwogram sa yo reflete lespri vanyan enstitisyon sa a, epi siyale yon avni ki ekstrèmman briyan pou elèv yo, kanpis yo ak kominote a. Mwen remèsye Rektè John King pou sipò li epi mwen bay Doktè Mary Bonderoff ak estaf li yo yon bon jan konpliman pou lidèchip eksepsyonèl yo nan rann akonplisman sa a posib. Antanke yon diplome Bronco ak SUNY Delhi ki fyè, mwen pa ta ka plis eksite pou opòtinite sa pral pote pou pwochen jenerasyon an."

Manm Asanble Chris Tague, te deklare, "Mwen te ekstrèmman rekonesan dèske m te pami bon lidè sa yo nan edikasyon nan SUNY Delhi pandan n ap selebre rededikasyon Farnsworth Hall la. Delhi depi lontan te yon sant pou Syans Veterinè eksepsyonèl, epi salklas, enstalasyon ak teknoloji ki ajou sa yo ap kontinye prepare pwochen jenerasyon veterinè yo pou briye nan travay yo. Mèsi ak Rektè SUNY John King, Jr. pou lidèchip ou, Prezidan SUNY Delhi Mary Bonderhoff pou jerans ou nan inivèsite a, ak Dwayen Bret Meckel pou gidans etidyan yo ak defansè pou bezwen pa yo. Felisitasyon pou SUNY Delhi pou nouvo enstalasyon w yo!"

Konsènan Pwogram Teknoloji Syans Veterinè SUNY Delhi yo

SUNY Delhi se premye moun ki ofri yon pwogram teknoloji syans veterinè nan Etazini, ki anseye teknik ki pi ajou pou pran swen sante ak byennèt alafwa piti ak gwo bèt. Totalman akredite pa Asosyasyon Medikal Veterinè Ameriken (American Veterinary Medical Association, AMVA), SUNY Delhi ofri tou de pwogram asosye ak bakaloreya ak aksè ak enstalasyon ki vast, ki gen ladan sal chirijikal ak dyagnostik, yon nouvo sal klinik ki imite yon lopital veterinè, ekipman pou bèt laboratwa, ak yon gwo fèm ansèyman bèt ak alpaka, bèf, mouton ak chwal. Avèk yon gwo anfas sou konpetans pratik, kèk nan pi bon klinik, lopital, ak etablisman rechèch pou bèt nan peyi a ap chèche gradye Delhi yo.

Enfòmasyon sou SUNY Delhi

Apwòch pratik SUNY Delhi pou ansèyman ak aprantisaj gen ladan plis pase 60 pwogram akademik nan domèn espesyalize, tankou teknoloji aplike, enfimyè, otelri, syans veterinè, syans aplike, biznis, ak atizay ak syans liberal. SUNY Delhi ofri sètifika, diplòm asosye, diplòm bakaloreya, ansanm ak diplòm metriz nan yon konbinezon anviwònman sou lakou lekòl la ak sou entènèt. Enskri plis pase 3,000 elèv, SUNY Delhi se yon manm Inivèsite Eta New York. Pou plis enfòmasyon sou SUNY Delhi, rele 607-746-4000 oswa vizite delhi.edu.

Prezantasyon State University of New York

State University of New York se pi gwo sistèm konplè edikasyon siperyè nan Etazini, epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòkè yo ap viv nan yon distans 48 km de nenpòt nan 64 fakilte oswa inivèsite SUNY yo. Nan tout sistèm nan, SUNY gen kat sant sante akademik, senk lopital, kat lekòl medikal, de lekòl dantè, yon lekòl dwa, pi ansyen lekòl maritim nan peyi a, sèl kolèj optometri Eta a, epi li jere yon Laboratwa Nasyonal Depatman Enèji Etazini. An total, SUNY sèvi anviwon 1.4 milyon etidyan nan tout pòtfèy kou ak pwogram kredi epi ki pa mande kredi, edikasyon kontinyèl ak pwogram sansibilizasyon kominotè yo. SUNY an siveye prèske yon ka nan rechèch akademik nan New York. Depans rechèch nan tout sistèm nan te prèske 1.1 milya dola nan ane fiskal 2023, ki gen ladan kontribisyon enpòtan ki soti nan men elèv yo ak pwofesè yo. Genyen plis pase twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsite se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, vizite www.suny.edu.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)